


Defi estriktirèl pou elèv k ap aprann plizyè lang nan BPS

**Kontèks paran yo ak moun kap bay swen yo, selon Gwoup
Travay ELL la**

4 Me, 2023

Ki moun ki ale nan Lekòl Piblik ki nan Boston an?




Mwatye elèv BPS yo pale plizyè lang oswa y ap aprann anglè.

(pati vèt yo nan tablo won an ki sou bò gòch la)

Pandan enskripsyon yo nan distri a jeneralman ap bese nan 5 ane ki sot pase yo, enskripsyon pou elèv k ap aprann plizyè lang / elèv k ap aprann anglè (ML/EL) te ogmante yon ti kras pandan ane aktyèl la, 2022-2023.

Ki lang aktyèl elèv k ap aprann anglè nan BPS yo / elèv ki pale plizyè lang yo pale?



De premye priorite
estratejik Biwo Edikasyon
plizyè lang ak kilti a se pou

- Devlope pwogram bileng pou eta a ka bay elèv yo yon Prim yo rekonèt li pale anglè ak yon lòt lang, epi**

- Bay elèv EL/ML ki andikape yo plis aksè pou yo jwenn sèvis nan lang matènèl yo**



Boston Public Schools

OMME Strategic Plan

Farah Assiraj

Deputy Chief Academic Officer & Interim Assistant Superintendent for the Office of Multilingual & Multicultural Education


Kijan pwogram la estriktire pou elèv yo aprann?

ELD1-3s

Pou elèv ki Devlope yon Nivo nan Lang Anglè 1-3 (ELD 1-3s), apeprè mwatye nan yo fè pati pwogram pou etidyan anglè yo / elèv k ap aprann plizyè lang. Lòt mwatye a nan edikasyon jeneral.

Repatisyon nan pwogram ELD 1-3 pou ane 2022-2023.

11,117 etidyan



■ SEI langaj-espesifik

■ SEI plizyè lang


■ De langaj

■ HILT pou SLIFE

■ ESL nan Gen Ed ak pou Etidyan ki andikape

Repatisyon nan pwogram ELD 4-5 an 2022-2023

3,931 etidyan




■ ESL nan Gen Ed ak pou Etidyan ki gen ...

ELD4-5s

Pou elèv ki Devlope yon nivo nan Lang Anglè 4-5 (ELD 4-5s), yo tout nan Gen Ed (eksepte 4 elèv).

Èske pwofesè yo pale lang elèv yo?

Non. Pifò etidyan anglè yo / moun k ap aprann plizyè lang yo pa gen yon pwofesè ki pale menm lang ak yo. Distri a pa gen enfòmasyon klè sou lang tout pwofesè yo, ni yon pwosesis estanda pou evalye konpetans yo.




Mwatye nan ELD1-3 yo
ak 100% nan ELD4-5 yo
etidye ak pwofesè sa yo

Pwogram SEI
edike 41% nan
tout ELD 1-3

Pwogram SLIFE
edike 3% nan
tout ELD 1 -3
yo

Pwogram
ediksyon de lang
7% nan tout ELD1
-3 yo

Pandan 3 dènye ane ki sot pase yo, etidyan anglè yo / moun k ap aprann plizyè lang nan nivo Developman Lang Angle 1-3 (ELD1-3s) yo te transfere soti nan SEI lang espesifik pou ale nan saldeklas Edikasyon Jeneral.




Nou estime gen anviwon 1,000 elèv ELD1-3 nan Gen Ed kounye a ki ta ka nan SEI si regroupman elèv yo te fèt menm jan ak ane 2019-2020.

Vin gen pi plis Elèv ki nan SEI ki pa regwoupe ak lòt elèv ki pale menm lang ak yo.

Nan elèv ki nan SEI, tandans la se pou asiyen plis nan yo nan "SEI multilingual" (klas kote yo regwoupe plis pase yonn nan lang elèv yo pale ansanm) olye pou y ale nan menm klas ak lòt elèv ki pale menm lang ak yo.

Plis SEI plizyè lang, mwens SEI lang espesifik

Kòm yon pouvantaj de tout enskripsyón SEI yo



Lang elèv ki enskri nan SEI plizyè lang yo pale nan ane 2022-2023

BPS ofri pwogram pou SEI lang espesifik nan lang sa yo		
Kreyol Kap Vèt	5%	
Chinwa	2%	
Kreyòl Ayisyen	7%	
Espanyòl	53%	
Vyetnamyen	4%	
	71%	
BPS pa ofri pwogram pou SEI lang espesifik nan lang sa yo		
Arabik	3%	
Anglè	5%	
Fransè	1%	
Pòtigè	13%	
Somali	1%	
Lòt Lang	5%	
	29%	

Nan SEI plizyè lan, moun ki pale plizyè lang yo melanje nan saldeklas yo ansanm.


71% elèv ki nan pwogram la kalifye pou yo mete yo nan kategori lang espesifik nan yon salklas ak lòt moun ki pale menm lang ak yo.

53% nan enskripsyón SEI plizyè lang yo pale Espanyòl. Kantite elèv ki pale Espanyòl ELD1-3 yo te ogmante 19% pandan 5 dènye ane ki sot pase yo, men enskripsyón moun ki pale Espanyòl nan SEI (ak de lang) espesifik yo te diminye de 2% pandan menm peryòd sa a.

Kounye a pa gen okenn plan pou garanti pwogram EL/ML yo ap sou pye toupre kote elèv yo abite, ni pou garanti elèv yo ka jwenn aksè nan pwogram sa yo menm si yo pa nan zòn yo asiyen ki baze bòlakay yo.

Pa egzanp, pandan senk dènye ane ki sot pase yo, enskripsyon yo double pou elèv ki pale Espanyòl yo ELD1-3s ki nan klas 9 yèm-12yèm ane nan Cluster E – yon distri BPS ki gen yon pati nan Roxbury, Dorchester, ak Mattapan.

Pati sa a nan vil la pa gen okenn klas pou lang espesifik pou moun ki pale Espanyòl. Yo te mete elèv sa yo nan pwogram moun ki pale plizyè lang yo.



Poukisa li enpòtan si yo mete mwens elèv k ap aprann anglè / elèv ki pale plizyè lang nan pwogram SEI pou lang espesifik yo?

Èske SEI se pa yon pwogram "soustraktif", sa vle di elèv yo ap pèdi abilité pou pale lang matènèl yo pandan y ap aprann anglè? Wi, se sa.


Sepandan , pou kounye a, pwogram SEI genyen pou lang espesifik yo enpòtan nan BPS.

- 
1. Menm si pwofesè yo pa ta pale lang Etidyan ki nan klas lang espesifik yo **ap gen kondisip ki pale lang yo.**
 2. SEI gen program espesyal nan domèn lengwistik ki klase elèv yo selon lang y ap aprann, **sa se yon eleman kle ki nesesè pou ogmante aksè ak lang matènèl** epi mete sou pye lòt program k ap ankouraje aprantisaj ak edikasyon de lang nan enfrastrikti distri a.

Anpil elèv k ap aprann anglè / plizyè lang yo se elèv ki gen andikap tou.

Tout etidyan anglè/ etidyan k ap aprann plizyè lang yo

Prèske 1/4 se elèv ki gen andikap




Tout Elèv ki gen andikap


Plis pase 1/3 se moun k ap aprann anglè / moun k ap aprann plizyè lang

Elèv k ap aprann angle ki gen andikap (n=3,509)

Elèv ki gen andikap ki pa k ap aprann anglè (n=6,565)



Etidyan anglè ki andikape yo se yon popilasyon k ap grandi.




Done yo te jwenn nan Bidjè/Planifikasyon, 30/3/23


Pa gen aksè ak lang matènèl -- Etidyan anglè ki andikape yo pa gen okenn garanti pwofesè ak moun k ap ede yo a pral pale lang yo.

Etidyan anglè yo/Etidyan k pale plizyè lang yo pa gen bon nòt pou MCAS, espesyalman elèv EL/ML ki andikape yo.

Pousantaj elèv BPS 3yèm-8yèm ane ki satisfè oswa depase estanda nan egzamen MCAS yo



Pousantaj elèv BPS 10yèm ane ki satisfè oswa depase estanda nan egzamen MCAS yo



Nouvo bidjè k ap sibvansyone ane 2023-2024 a pral pèmèt elèv yo jwenn plis èd nan lang manman ak papa yo.

Poko gen yon plan ki egziste nan distri an pou bay apeprè 15,600 elèv ML/EL ki pa enskri nan pwogram bileng nan plis aksè ak lang matènèl yo.

Bidjè 2023-2024 la gen ladan **nouvo resous pou planifye alontèm yon pwogram bileng**. Se sèlman 7% elèv k ap aprann plizyè lang / elèv k ap aprann anglè ki nan pwogram sa yo.

Anpil ane pral pase anvan yon kantite elèv BPS ki rezonab ka resevwa sèvis nan pwogram bileng lan..

Bidjè 2023-2024 la finanse **38 nouvo pòs pou pwofesè ESL**.

Anplwaye yo pral ogmante nan domèn kote elèv yo jeneralman jwenn mwens aksè ak sipò nan lang matènèl yo.

Nou bezwen yon vizyon k ap ede tout elèv poliglòt yo jwenn Prim eta a bay la₁₃

Paran ak Moun k ap pran swen yo: Ki eksperyans nou genyen?

1. Nan ki program k ap aprann moun anglè ptit ou a ye?

- a. Ki jan ak ki sa ou te aprann sou bonjan **pwogram** ki disponib pou yon timoun ki pokò pale anglè?
- b. Èske lekòl ptit ou a pa lwen lakay ou?
- c. Èske ou ka byen kominike ak pwofesè ptit ou a epi lòt manm pèsonèl yo?

2. Ki jan ptit ou a ye nan lekòl la?

- a. Pandan ptit ou a ap aprann anglè ki eksperyans li fè? Siksè, eprèv?
- b. Kòman ptit ou a debouye l pou l kenbe lang matènèl li? Siksè, difikilte?

3. Si ptit ou a resevwa sèvis edikasyon espesyal, nan ki pwen oumenm ak ptit ou a kapab kominike avèk anplwaye k ap anseye l epi k ap ede l yo?